

#noupapdòmi

Pòtoprens, 23 jen 2019

Nòt sou vyolans kont manifestan nan 4 kwen peyi a

Nou Pap Dòmì kondane vyolans sistematik pouvw a ap fè nan plizyè vil pwovens kou nan kapital la, espesyalman nan Okay ak Leyogàn. Plizyè milye moun kontinye mobilize nan 4 kwen peyi a depi aprè gwo jounen mobilizasyon nasyonal lan 9 Jen an. Pase pou tande vwa yo, lapolis itilize represyon kont manifestan yo. Nou mande pou limyè fèt prese prese pou evite sityasyon an dejenere.

Nou kanpe doubout, bò kote tout peyi a k ap mande Pwosè Petrocaribe a epi demisyon Jovenel Moise san kondisyon pou li mete tèt li a dispozisyon lajistis. Nou kondane konpòtman Leta Ayisyen an, ki kontinye trete nou tankou sitwayen dezyèm ak twazyèm klas. Nou kondane Leta Ayisyen ki fè yon silans konplis devan gwoup gang k ap taye banda nan Latibonit. Sa ki lakòz anpil moun oblije abandone fanmi yo, kay yo, ak tout kalte lòt byen.

Nou Pap Dòmì mande pou wo kòmandman Polis Nasyonal lan fè yon kout je espesyal sou Okay, Leyogan, Gonayiv ak Senmak. Nou mande pwoteksyon tout manifestasyon pasifik ki se dwa popilasyon an pou defann diyite l ak enterè l. Manifestasyon pasifik yo pa dwe tounen teren lese frape, nou mande lapolis pou fè travay li jan kòd etik lapolis lan ba li manda.

Nan batay kont koripsyon ak enpinite a, pa gen moun lavil, pa gen moun nan mòn. Nou tout viktim, nou tout pral peye Venezuela lajan yo vòlè a. Nou Pap Dòmì salye kouraj ak detèminasyon tout sitwayen peyi a ki kenbe flanbo mobilizasyon. N ap renouvle angajman n pou Pwosè Petrocaribe a fèt e pou tout vòlè ale nan prizon.

Nou Pap Dòmì sipòte tout mobilizasyon pasifik sou teritwa a ki gen misyon Pwosè Petwo Karibe a, e deloje Jovenel Moise nan palè nasyonal pou li mete tèt li a dispozisyon lajistis.

Jan nou toujou di l, nou pap fè bak, Pwosè Petwo Karibe a pa negosyab. Viv mouvman nan tout peyi a, viv solidarite.

Demisyon. Pwosè. Prizon. Restitasyon.

Nou Pap Dòmì

noupapdomi2.0@gmail.com



@noupapdomiofisyel



@nou_pap_domi